nit ñi du ñu deñ di nekk ci yiw fii ak ñoo ngi gaaw a dog

Jële nañu ci Sahl Ibn Sahd yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ne: «nit ñi du ñu deñ di nekk ci yiw fii ak ñoo ngi gaaw a dog».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne nit ñi du ñu deñ di nekk ci yiw fii ak ñoo ngi gaaw a dog ci koor ginnaaw ba ñu wóorloo ci sowug jant bi; loolu nag ngir jëfe suuna si la, ak tënku ca.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4438